

**SS.7.C.2.2**

*Evalye obligasyon sitwayen yo genyen pou obeyi lalwa, peye taks, defann peyi a, ak sèvi pou jiri.*

**Epitou Evalye**

**SS.7.C.2.3** - Eksperyans responsablite sitwayen yo nan nivo lokal la, eta a, oswa nivo federal la

**SS.7.C.2.14** - Fè yon pwojè sèvis pou kontinye ak byennèt publik la

**SS.7.C.2.2 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2:** Elèv yo ap rekonèt konsèp byennèt komen kòm yon rezon pou ranpli obligasyon yo ak/oswa responsablite pou sitwayènte.

Chak **sitwayen** nan peyi Etazini gen sèten **obligasyon** ak **responsablite**. Ni gouvènman an ak sitwayen yo responsab pou 1) pwoteje dwa chak moun epi 2) ankouraje **byennèt komen**

Lè sitwayen yo ranpli obligasyon yo bay gouvènman an, yap fè peyi Etazini yon kote ki pi an sekirite ak pi bon pou viv. Nan swiv lalwa ak pa komèt krim, kominote yo se kote ki mwens danjere. Nan peye taks, sitwayen yo asire ke gouvènman an kapab founi sèvis ki benefisyé publik la an jeneral. Nan defann nasyon an si yo mande pou yo fè sa, sitwayen yo asire ke moun kap viv nan Etazini yo pwoteje anba men lènmi ki ka fè nou mal. Nan sèvi nan jiri, sitwayen yo ap fè ke dwa yon jijman jiri pwoteje.

Tout egzanp sa yo demontre ki jan sitwayen yo, ki ranpli obligasyon yo, ka pwoteje ak ankouraje byennèt komen. Gade tablo ki anba la a pou plis egzanp:

Obligasyon Sitwayen yo	Kijan Obligasyon sa yo Asosye avèk Byennèt Komen
Obeyi lwa yo	Obeyi lwa yo kenbe lòd pou ke moun ka an sekirite.
Peye taks	Taks ki peye pou gwo pwogram ki benefisyé tout moun (wout, lekòl ak bibliyotèk, pami lòt bagay yo)
Sèvis jiri	Lè yo patisipe nan sèvis jiri, sitwayen ap pwoteje dwa konstitisyonèl yo nan jijman pou jiri.
Defann peyi a	Defann nasyon an benefye peyi a tout antye ak pwoteje nasyon an kont moun ki ta ka swete fè nou mal

Responsablite Sitwayen	Kijan Responsablite yo Asosye avèk Byennèt Komen
Vote	Vòt gen rapò ak byennèt komen paske se yon fason lidè yo tandem sitwayen yo reprezante yo.
Asiste reyinyon sivik yo	Nan asiste reyinyon sivik, ofisyé publik yo kapab tandem sitwayen yo (egzanp, patisipe nan yon reyinyon konsèy vil la oswa gwoup gadyen katye a).
Petisyon gouvènman an	Petisyon gouvènman an pèmèt sitwayen yo pataje opinyon yo ak gouvènman an epi mande pou èd ak rezoud pwoblèm yo
Sèvis kominotè	Sèvis kominotè ede byennèt komen. Li benefye tout moun lè yon sitwayen wè yon bezwen nan kominote li e li pran etap siplemantè pou jwenn solisyon an.

**byennèt komen** - kwayans oswa aksyon ke yo wè kòm yon benefis nan kominote a olye ke se enterè endividiyèl, yo konnen sa tou kòm byennèt publik la  
**obligasyon** - yon egijians, yon bagay yon moun dwe fè  
**responsablite** - yon bagay yon moun ta dwe fè  
**sitwayen** - yon manm legal nan yon eta ak/oswa nan yon peyi